

## Kat pwogram ki site pi ba a se gwoup pwogram ki gen nan Florida Kidcare:

### Medicaid pou Timoun

Medicaid pou Timoun (Children's Medicaid) se yon pakè benefis konplè pou ti moun ki kalifye, de 0 rive jouk 18 lane ki sòti nan fanmi ki pa gen gwo revni. Ti moun kapab enskri nan Medicaid san yo pa pase entèvyou.

Paran yo pa peye anyen pou Medicaid pou Timoun yo. Paran oswa gadyen timoun ki enskri nan Medicaid gen diferan opsyon lè pou yo chwazi pami pwogram swen sa yo. Sevis sa yo disponib ka founisè ak konpayi asirans ke yo seleksyone. Pwogram ki rele "Choice Counseling program" nan ede fanmi yo pran desizyon enpòtan sa a.

### MediKids

MediKids ofri menm benefis ak Medicaid men se pa yon pwogram gratis. Se you sèvis ki la pou timoun 1 an rive 4 lane ki pa elijib pou Medicaid paske fanmi yo ap fè lajan ki ta depase 200% Nivo Federal lamizè a.

Montan pou peye pa mwa pou MediKids kapab \$15 oswa \$20. Pa gen okenn ko-pemen pou sèvis wap resevwa. Fanmi yo ka chwazi doktè pa yo oswa dokte lan rezo oganizasyon antretyen sante HMO. Fanmi ki fè plis lajan ke limit maksimòm lan (konsilte tablo revni an) ap ka achete asirans FHK (Florida Healthy Kids) a pri konplè – si timoun yo ta kalifye .

### Florida Healthy Kids

Florida Healthy Kids (FHK) se yon alyans ansanm ak sektè piblik e prive ki ofri asirans sante pou timoun ki lekòl sòti nan 5 lane rive nan 18 lane. Gen kèk nan sevis yo ki mande pou peye yon ti kòb tou piti, tankou \$5 pou visit doktè, \$5 pou preskripsyon ak \$10 pou linèt. Tchekup jeneral pou timoun yo gratis.

Pi fò paran peye \$15 oswa \$20 pa mwa pa fanmi. Paran ki gen timoun piti kapab achete plan MediKids la a pri konplè, si timoun yo ta kalifye pou lòt plan.

Se konpayi asirans ki gen lisans komèsyal ansanm ak oganizasyon antretyen sante (HMO) ki ofri kouvèti asirans. Depi yo aksepte yon timoun nan pwogram nan, paran yo oswa gadyen yo va resevwa enfòmasyon sou konpayi asirans lan.

## Rezo Sèvis Medikal pou Timoun (Children's Medical Services Network)

Rezo Sèvis Medikal pou Timoun (Children's Medical Services Network (CMS)) se yon plan asirans sante pou timoun ki gen mwens ke 19 an e ki gen bezwen espesyal, bezwen swen sante kontinyèl, tankou (spina bifida), lesemi, ak pwoblèm konpotman ki dire plis pase 12 mwa. Rezo CMS la founi sèvis medikal, terapi, materyèl medikal, oswa sevis jesyon ka.

Anjeneral, paran yo peye chak mwa yon prim \$15 oswa \$20. Pa gen ko-peman pou sèvis. Rezo dokte, lopital ak lot founisè sevis CMS yo se moun ki kalifye pou travay ak timoun ki gen bezwen swen sante espesyal.

### Kalifikasyon

Pitit yon anplwaye Leta kapab gen asirans epi toujou kalifye pour Medicaid:

Timoun yo kapab asire si yo:

- pa anwole nan yon plan asirans sante ki konplè
- Poko gen 19 lane
- Se sitwayen ameriken oswa fe pati moun ki pa ameriken men ki kalifye tankou:  
*Refijye, moun ki gen azil, Kiben ak Ayisyen, Ameriken-Azyatic, moun ki nan libète pwovizwa, ak rezidan pemanan .*
- Revni fanmi an repon ak krite revni ki nan tablo a
- E ki pap viv nan yon enstitisyon leta

Q. Eske akseptasyon mwen nan Florida Kidcare ap yon obstak pou mwen nan sevis imigrasyon (USCIS) le pou mwen chanje stati mwen oswa ka sèvi kòm yon chaj piblik? NON. " Nouvo règleman ki koheran eksplike klèman ke swen sante ak lot sèvis enpòtan paka sèvi kòm yon rezon pou refize admisyon nan peyi Etazini oswa anpeche yo jwen estati rezidan pèmanan oswa kòm yon baz pou depòtasyon.

Q. Eske Florida rapòte ba biwo imigrasyon (INS) moun ki aplike pou Florida Kidcare? NON. Leta Florid la pa gen dwa bay biwo imigrasyon (USCIS) enfòmasyon sou moun ki aplike pou Florida Kidcare oswa benefis medikal.

Q. Ki sa ki limit revni ki elijib yo? Tablo ki pi ba a sèvi kom gid pou ede nou konnen si youn timoun kalifye pou asirans sante Florida Kidcare. Kantite lajan an ke yo mande a chanje chak ane epi yo kapab konsidere lòt egzijans pou youn ti moun kalifye pou Kidcare. Se pou sa li toujou bon ke youn fanmi aplike menm si fanmi sa a pa finn twò si ke revni li koresponn ak krite yo mande yo. (Baze sou revni anvan taks).

| GWOSE FANMI AN | REVNI ANYÈL FANMI AN - 2017 |
|----------------|-----------------------------|
| 2              | anba \$32,484               |
| 3              | anba \$40,848               |
| 4              | anba \$49,200               |
| 5              | anba \$57,564               |
| 6              | anba \$65,928               |
| 7              | anba \$74,280               |
| 8              | anba \$82,644               |

Q. Ki eksepsyon ki genyen nan limit revni a? Fanmi ki fè plis lajan pase limit yo fiks nan tablo a ka toujou anwole nan Florida Healthy Kids & MediKids e peye prim konplè a chak mwa. Kontakte reprezantan Florida Kidcare nan zòn ou pou gen enfòmasyon sou prim konplè a .

Q. Eske Kidcare gen konsiderasyon pou timoun ak kondisyon ki te deja egziste oswa kalifikasyon medikal? NON. Pa gen pwogram Kidcare pou timoun si yo ta gen kèk kondisyon ki te egziste deja. Children's Medical Services (CMS) Network - ki kouvri ti moun ki te deja gen kèk kondisyon medikal- egzije pou timoun nan gen rekomandasyon dokte. Si outa jije ke youn timoun genyen kèk kondisyon medikal, oswa pwoblèm konpotman oswa devlopman ki ta mande atansyon anplis, tcheke Wi nan aplikasyon an pou kesyon sila a: "yon kondisyon ki ap dire plis pase 12 mwa". Nan kèk ka, gen timoun ki kalifye pou CMS menm si yo pa satisfè kondisyon Florida Kidcare mande yo.



**Q. Ki diferans ki genyen ant kalifikasyon pou Medicaid pou timoun ak lòt pwogram Florida Kidcare yo?** Kalifikasyon pou Medicaid depann de laj timoun nan, lajan kap entre lan kay la ak kantite moun ki lan kay la. Florida Kidcare tcheke chak aplikasyon pou verifie si pa gen ti moun ki kalifye pou Medicaid. Dapre lwa federal, depi yon timoun kalifye pou Medicaid, li pa dwe enwole nan okenn lòt Kidcare pwogram. Pa gen okenn entevyou nesèsè.

**Q. Chak konbyen tan ke Florida Kidcare rekonsidere kalifikasyon? Ki pwosesis ki itilize?**

Tout timoun nan Florida Kidcare gen omwen asirans pou 12 mwa kontini depi paran yo peye prim mansyèl la. Ak Medicaid, asirans lan diferan. Pa gen prim. Tout timoun anba 5 lane gen 12 mwa sans mank asirans anba Medicaid. Pou renouvle Medicaid, paran yo ranpli yon fòm ke yo voye pa lapòs: Pout tout lòt pwogram yo, paran yo voye enfòmasyon yo bay Florida Kidcare depi gen yon chanjman. Kliyan an pa bezwen vini van biwo a pou li fèl.

## Benefis yo

Pwogram Florida Kidcare bay paran yo kè poze ak pwogram asirans santé pou timoun yo. Ti moun ki gen dwa mè ki san asirans e ki gen mwens ke 19 an ap recevwa bon jan benefis pou sante. Tout pwogram Florida Kidcare yo sèvi ak yon gwoup dokte, lopital, terapès oswa plan sante pou yo seleksyone pou bay fanmi yo sevis. Nan kek kote nan peyi a, fanmi yo ka chwazi nan plis pase yon plan santé oswa HMO.

### Men kek nan benefis/sevis yo

|              |                    |
|--------------|--------------------|
| Vizit Doktè  | Vizyon             |
| Tchekòp      | Kapasite Tande w   |
| Vaksen       | Swen pou Konpòtman |
| Lopital      | Sèvis Referal      |
| Operasyon    | Ijans              |
| Preskripsyon | Sèvis Dantal       |

## Pri

- Medicaid pou timoun se yon asirans gratis.
- Pou lòt pwogram Florida Kidcare yo, pifò paran yo peye yon prim \$15 oswa \$20 pa mwa pou nenpòt ki kantite timoun ki ta enwole. (si yo kalifye).
- Fanmi ki nan pwogram *Healthy Kids* lan peye yon ti koman \$5 jiska \$10 pou kek sèvis medikal, tankou pou preskripsyon..
- Pwogram Florida Kidcare la gen yon opsyon kote fanmi peye pri konplè. Rele biwo lokal nan (954)467-8737 pou pou enfòmasyon sou ki kantite kob pri konplè a ye.

**Q. Eske mwen sipoze voye lajan ak aplikasyon an? Kombyen Kob?** Pou ale pi vit, yon fanmi ka voye \$20 ak aplikasyon an. \$20 a konsidere tankou peman premye mwa asirans lan. Rive jwenn asirans lan byen vit, se yon bon bagay pou pitit ou. Sepandan, ou pa oblije voye lajan ak aplikasyon an.

**Q. Si pitit mwen pa kalifye pou pwogram lan ou byen li kalifye pou Medicaid, eske yap voye \$20 an tounen ban mwen.** Wi, wap resevwa yon lèt sòti nan Florida Kidcare ak lajan out e bay la. Sonje: Si ou pa kalifye sèlman paske revni ou twop pou pwogram lan, ou ka enwole nan *Healthy Kids* si ou dako peye prim konplè a. Pwogram Florida KidCare a ba ou opsyon sa a. Si ou pa pran opsyon kote pou peye prim konplè a pa mwa, Florida Kidcare ap remèt ou \$20 a.

**Q. Ki sa kap pase si yon moun rate yon peman?** Prim lan dwe peye nan kòmansman chak mwa. Depi Florida Kidcare pa resevwa lajan prim lan, asirans lan anile. Selon lalwa, lè asirans lan anile, yon fanmi sipoze tann 30 jou pou pi piti avan ke pitit la enwole ankò.

**Q. Eske Florida KidCare gen dedictib? No**



Pou verifief dènye nouvel sou aplikasyon w lan oswa pou jwenn enfòmasyon sou kont pitit ou:

Rele: 1-800-821-5437

Nan Broward: (954) 467-8737

WWW.FloridaKidCare.org



## Men yon Lis pou sonje kouman pou kenbe santé:

- Jwenn asirans pou pititi ou, kenbe l ajou
- Bay pitit ou vaksen epi fè tchèkòp anyel li
- Pran randevou pou tchèkòp dan depi timoun nan gen 1 an
- Pran randevou pou tchèkòp je ak zorey kou li rive gen 2 zan
- Pran bon abitud santé; manje 5 fwi ak legim pa jou
- Veye pou pitit ou fe egzèsis ak jwe deyo chak jou
- Fe lekti ansanm ak pitit ou chak jou pou estimile lespri li

## Kouman pou Aplike ak Anwole

- Yon sel aplikasyon valab pou tou lè 4 pwogram yo
- **Pwosesis Aplikasyon an kapab pran jiska 8 semèn**
- Aplikasyon pou Florida KidCare la kapab ranpli sou entènèt nan [www.FloridaKidcare.org](http://www.FloridaKidcare.org).
- Yo voye tout aplikasyon yo nan Tallahassee; Koodonate konte a pa gen aksè nan sistèm Let a Aplikasyon yo valab pou 120 jou.
- Si paran oswa gadyen yon timoun resevwa yon lèt yo dwe kontakte nimewo ki sou lèt la pou plis enfòmasyon.
- Si yon aplikasyon pa finn ranpli korekteman, kote ke ta gen seksyon ki rete vid, oswa pa lizib aplikasyon sa a pap trete.
- Enkli denye fòm W-2, oswa kat souch chek salè w ak aplikasyon an, sa va sèvi kòm prèv revni w.

Nan tout eta a: 1-888-540-5437

Nan Broward: (954) 467-8737

Finanse pa Depatman Sante nan Florid ansanm ak "Children's Services Council"